CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

प्रथम अखिल भारतीय मैथिली साहित्य सम्मेलन, दरभंगा

१.५

परिचय- पात

आम्नाय-ग्रन्थालय,
जलनिधि, करौंदी
वाराणसी-5

न्थालय
, वाराणसी-५

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain. Digitization by eGangotri

प्रथम अखिल भारतीय मैथिली साहित्य सम्मेलन

दरभंगा

परिचय–पात

आम्नाय–ग्रन्थालय
भरतनिधि, करौंदी
वाराणसी-5

FIRST ALL INDIA MAITHILI WRITERS' CONFERENCE

Darbhanga

WHO IS WHO

१९५६

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

प्रथम अखिल भारतीय मैथिली साहित्य सम्मेलन

दरभंगा

परिचय–पात

आम्नाय–ग्रन्थालय,
भारतनिधि, करौंदी
वाराणसी-5

वैदेही समिति
दरभंगा
ALL INDIA MAITHILI SAHITYA SAMMELAN DARBHANGA

FIRST ALL INDIA MAITHILI WRITERS' CONFERENCE

Darbhanga

WHO IS WHO

१९५६

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

श्रीकृष्णकान्तमिश्र, मंत्री, वैदेही समिति एवं अखिल भारतीय मैथिली साहित्य
सम्मेलन, दरभंगा हेतु श्रीनारायणप्रसाद द्वारा
हिन्दुस्थान प्रिंटर्स एण्ड ट्रेडर्स (प्राइवेट) लिमिटेड, दरभंगामे मुद्रित

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

आम्नाय-ग्रन्थालय,
भरतनिधि, करौंदी
वाराणसी-5

विज्ञप्ति

एहन परिचय-पात (Who's Who) क प्रकाशन मैथिलीमे सर्वप्रथमे थिक। एकर प्रकाशनमे ततेक ने बाधा ओ कठिन परिस्थिति सभ उपस्थित भेलैक जकर वर्णन करब एतै उचित नहि हैत। एहमे सम्भवतः बहुतो विशिष्ट ओ आदरणीय विद्वानक नामक उल्लेख ओ पूर्ण परिचय छुटि गेल हैत ताहि लेल हम क्षमा-प्रार्थी छी। जतेक महानुभावक परिचय छपल अछि ताहिमे जतबे हमरा सामग्री प्राप्त भै सकल तकरे उपयोग कैल अछि; जे सूचनादि हमरा सामर्थ्यसँ बाहर छल तकर समावेश नहि भै सकल ताहि हेतु हमरा पूर्ण खेद अछि। एकर मार्जन अग्रिम संस्करणमे भै जैत, से आशा। एहि संकलन-कार्यमे हमर परम प्रिय मित्र श्रीगोविन्दजी (अनुवाद-विभाग, सचिवालय, पटना) सँ पूर्ण सहायता भेटल अछि जे हम बिसरि नहि सकैत छी। त्रुटि सबहिक हेतु पुनः सभसँ क्षमा-याचना।

श्रीकृष्णकान्तमिश्र
मंत्री, वैदेही समिति
एवं अखिल भारतीय मैथिली
साहित्य सम्मेलन, दरभंगा।

१५-११-५६

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

विवरण-क्रम

नाम	लौकिक प्रवृत्ति (शा. प्र.)
उपनाम (उ.)	प्रथम रचना (प्रथ.)
जन्म [स्थान ओ तिथि] (ज.)	प्रकाशन (प्र.)
शिक्षा (शि.)	अप्रकाशित रचना (अ. र.)
व्यवसाय (व्य.)	वर्त्तमान पता (व. प.)
परिवार (प.)	स्थायी पता (स्थां. प.)
शास्त्रीय प्रवृत्ति (शा. प्र.)	प्रारम्भिक जीवन (प्रा. जी.)

संकेतक

अ. र. – अप्रकाशित रचना (काल)	व्य. – व्यवसाय
उ. – उपनाम	शा. प्र. – शास्त्रीय प्रवृत्ति
ज. – जन्म (स्थान ओ समय)	शि. – शिक्षा
प. – परिवार	स्था. प. – स्थायी पता
प्र. – प्रकाशन (काल)	दे. – देखू
प्रथ. – प्रथम रचना	सम्पा. – सम्पादक
लौ. प्र. – लौकिक प्रवृत्ति	वि. – विशेष
व. प. – वर्त्तमान पता	सद. – सदस्य

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

आम्नाय-ग्रन्थालय,
भारतनिधि, करौंदी
वाराणसी-5

प्रधान संरक्षक

महामहिमश्रीरंगनाथरामचन्द्रदिवाकर, राज्यपाल, बिहार



महाराजाधिराज डाक्टर सर कामेश्वरसिंह, दरभंगा

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

प्रधान सभापति



श्रीश्यामनन्दनसहाय, एम. पी., उपकुलपति, बिहार विश्वविद्यालय, पटना

स्वागताध्यक्ष

म०म० डा०श्रीउमेशमिश्र, प्रयाग विश्वविद्यालय, प्रयाग

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

अ. भा. मैथिली साहित्य सम्मेलन

प्रथम अधिवेशन

दरभङ्गा (मिथिला)

प्रधान संरक्षक

महामहिम श्रीरंगनाथरामचन्द्रदिवाकर

ज. —धारवार (कर्नाटक) ३०-६-१८६४ ई०, शि. —बी. ए. (१६१६), एम्. ए. (कन्नड़-१६१८), कानून (१६२०), व्य. —राज्यपाल, बिहार राज्य (१५ जून १६५२ सँ), शा. प्र. —कन्नड़, अंगरेजी एवं हिन्दीक प्रमुख लेखक, प्र. —कन्नड़मे १२ गोट ग्रन्थ (गीतेय गुट्ट, उपनिषत्-प्रकाश, वचन शास्त्र रहस्य, सत्याग्रह एवं गान्धीजी सम्बन्धी-पोथी, श्रीरामकृष्ण-जीवनी आदि), हिन्दी (कर्मयोग, उपनिषदों की कहानियां, सत्याग्रह-मीमांसा, गांधीजी जैसे मैने देखा, सत्याग्रह और विश्व शान्ति, गीता नित्य पाठ, अन्तरात्मा से आदि), अंग्रेजी (Nation's call, Satyagraha: History and Technique, Power of Truth: American Edition of the above, Glimpses of Gandhiji, Upanishadas in story and Dialogue, Satyagrah. in Action (At a request of world Pacifist Meeting), Satyagrah: Pathway to Peace, Mahayogi: Life and Teaching of Sri Aurobindo), स्. प.— राज-भवन, पटना।

महाराजाधिराज डाक्टर सर कामेश्वरसिंहबहादुर,

ज.—दरभंगा २८-११-१९०७ प्रा. जी.—के. टी.; जी. सी. आइ. ई., के. बी. इ., एल्. एल्. डी., डि. लिट., एम्. पी. प्रसिद्ध

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

राजनीतिज्ञ एवं विधानज्ञ, समाज-सुधारक, दरभंगा इम्प्रूवमेन्ट ट्रस्टक संस्थापक, अखिल भारतीय मैथिल महासभाक सभापति, मिथिला संस्कृत विद्यापीठ, दरभंगाक संस्थापक एवं अनेक सार्वजनिक संस्थाक संरक्षक। स्था. प.—नरगौना पैलेस, दरभंगा।

प्रधान सभापति

श्रीश्यामनन्दनसहाय, एम्. पी.

ज.—धामर, शाहाबाद १ जन. १९००, शि.—मैट्रिक, (राजकीय हाइ स्कूल, मुजफ्फरपुर) बी. ए. (जी. बी. बी. कालेज, मुजफ्फरपुर–१९२०), प्रा. जी.–सभापति, मुजफ्फरपुर नगरपालिका-अनेक वर्ष धरि, १९३०–१९३७ प्रान्तीय काउन्सिलक सदस्य, बिहारक पूर्व व्यवस्थापिका सभा एवं परिषद्क निर्वाचित सदस्य, भारतक प्रथम विधान-परिषद्क निर्वाचित सदस्य (१९४६), भारतीय पारलियामेन्टक सदस्य (१९५० सँ), बिहार राज्य कोऔपरेटिव बैंकक सभापति एवं अखिल भारतीय कोऔपरेटिव यूनियनक अध्यक्ष, बिहार-पशुक्रूरता-रक्षक-सभाक अध्यक्ष, भारत सरकारक औद्योगिक कौरपोरेशनक डाइरेक्टर, अध्यक्ष, बिहार स्कूल-परीक्षा-समिति एवं बिहार संस्कृत एसोसियेशनक परीक्षा-बोर्ड, व्य.—उप-कुलपति, बिहार विश्वविद्यालय, पटना। शा. प्र.—पचास हजार टाका दए बाघी ग्राम (मुजफ्फरपुर) मे हाइ स्कूलक स्थापना, बिहार जन-सेवा-आयोगक प्रतियोगिता-परीक्षा सभमे मैथिली-विषयक स्थान प्राप्त कराओल, लौ. प्र.–भारतक उद्योग ओ व्यापारक विकासमे अत्यन्त रुचि, एवं भारत सरकारक औद्योगिक समिति सभक मुख्य सदस्य, व. प.—सहाय भवन, बेलीरोड, पटना, स्था. प.—पो० बाघी, मुजफ्फरपुर।

स्वागताध्यक्ष

महामहोपाध्यायडाक्टरश्रीउमेशमिश्र

ज.—बिन्ही ग्राम (नेपाल) १८९६ ई., शि.—एम्. ए. (काशी हिन्दू विश्वविद्यालय), डी. लिट्. (प्रयाग विश्वविद्यालय), महामहोपाध्याय (१९४३)

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

व्य.—भूतपूर्व डाइरेक्टर, मिथिला संस्कृत विद्यापीठ, दरभंगा, प.—छओ पुत्र एवं दू कन्या, शा. प्र.—मैथिली गद्य एवं आलोचना, मैथिल संस्कृति ओ सभ्यता पर अध्ययन, संस्कृत, अंग्रेजी, हिन्दी एवं भारतीय दर्शनक विशेष अध्ययन, प्रथ.—मिथिला-मोदमे प्रथम रचना प्रकाशित, प्र.—कमला (१६२०), नलोपाख्यान, मैथिली लिपिक उद्भव ओ विकास, मैथिली-गद्य-कुसुमाञ्जलि, मैथिली-गद्य-कुसुममाला, मैथिल संस्कृति ओ सभ्यता(दू भाग), मनबोधक कृष्णजन्म, विद्यापति ठाकुर, Conception of Matter According to Nyaya-Vaisheshika, Nimbarka School of Vedanta, Introduction to Purva Mimamsa and its Sources, A critical study of Bhagvatagita etc. etc, अ. र.–History of Philosophy (7 vols), भारतीय दर्शन की रूपरेखा, इत्यादि स्था. प.–तीरभुक्ति, १, एलेनगंज रोड, प्रयाग-२।

विभागीय सभापति

कथा-साहित्यक विकास—प्रोफेसरश्रीहरिमोहनझा

ज.–कुमर बाजितपुर (१६०८), शि.–एम्. ए. (१९३२), व्य.–दर्शन विभागाध्यक्ष, पटना विश्वविद्यालय, पटना, शा. प्र.–हास्य-प्रधान कथा, कविता, एकांकी आदि, प्र.–कन्यादान, द्विरागमन, प्रणम्यदेवता, खट्टरकाक अखाढ़ा, तीर्थयात्रा, खट्टरककाक तरंग, रंगशाला, आदि अ. र.—चर्चरी आदि स्था. प.—पो० कुमर बाजितपुर (मुजफ्फरपुर)।

कविताक विकास—श्रीवैद्यनाथमिश्र 'यात्री'

ज.–१६१० शि.–तरौनी, सतलखा, महिसी, गोनौली, पचगछिया, काशी, कलकत्ता, लाहोर, केलानिया-लंका, थोलिङ्–तिब्बत व्य.–लेखक, शा. प्र.–कथा, कविता, नाटक, आलोचना आदि, प्र.–पारो, नवतुरिआ; रतिनाथक पितिआइन, वलचनमा, बाबा बटेसरनाथ, चित्रा, शपथ, युगधारा। अ. र.–अँड़िया बड़द, बिशाखा आदि, स्था प.–तरौनी, पो० सकरी, दरभंगा।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

नाटकक विकास—डाक्टरश्रीजयकान्तमिश्र

ज.—बनारस ७-१२-१९२२ ई०, शि.—मैट्रिक (१९३७), बी. ए. (१९४१), एम्. ए. (१९४३) डी. फिल., (प्रयाग विश्वविद्यालय), व्य.—अध्यापन प.—दू पुत्र एवं दू कन्या, शा. प्र.—गद्य, आलोचना, एवं इतिहास लौ. प्र.-फुलवारी, फोटो आदि, प्रथ.—मिथिलामिहिरमे, प्र.—A History of Maithili Literature - 2 vols, The Folk Literature, अनुसन्धानात्मक अनेक स्फुट रचना एवं ग्रन्थ, अ. र.-कीर्त्तिपताका, कीर्त्तिलता, History of Mithila, स्था. प.—१, एलनगंजरोड, प्रयाग–२।

आलोचनाक विकास—प्रोफेसरश्रीरमानाथझा

ज.—२१ सितम्बर १९०६, शि.—एम्. ए., बी. एल., काव्यतीर्थ, व्य.—अध्यापक, मिथिला कालेज, दरभंगा, शा. प्र.—आलोचना, गद्य, इत्यादि प्रथ.—उदयन कथा (१९३७) प्र.—मिथिला-भाषा-प्रकाश, उदयन-कथा, कविता-कुसुम, साहित्य-पत्र इत्यादि, व. प.—राज पुस्तकालय, दरभंगा स्था.—गा. धर्मपुर, पो० लोहना रोड, दरभंगा।

मिथिलाक संगीत एवं ललित-कलाक विकास—प्रोफेसरश्रीईशनाथझा

ज.—१९०७ ई०, व्य.—अध्यापक, मिथिला कालेज, दरभगा, शा. प्र.—कविता, नाटक, आलोचना, संगीत आदि, लौ. प्र.—संगीत, प्र.—माला, शकुन्तला-नाटक, उगना, मृच्छकटिक (अनुवाद), स्था. प.— नवटोल, पो०, सरिसवपाही, दरभंगा।

निबन्धक विकास—कुमारश्रीगंगानन्दसिंह

ज.—२४ सितम्बर १८९८ ई० शि.—मैट्रिक (१९१५), एम्. ए. (कलकत्ता विश्वविद्यालय १९२१), शा. प्र.—कथा, आलोचना गद्य, एवं कविता, प्र.–अगिलही, जीवन-संघर्ष, व. प.—एम्. एल. सी. फ्लैट, गार्डिनर रोड, पटना, स्था. प—श्रीनगर, पूर्णियाँ।

मिथिलाक इतिहासक विकास—प्रोफेसरश्रीराधाकृष्णचौधरी

ज.-मधेपुरा, १२-२-१९२४ ई०। शि.-एम्. ए., पुराणशास्त्री, हिन्दुस्तानी कल्चर एकेडमी प्राइजमैन, एफ. आर, ए. एस (लंदन)। व्य.—कओलेजमे

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

वैदेही समिति, दरभङ्गा
क
आजीवन सदस्य

श्रीचन्द्रमोहनझा, भू० पू० डी० आई० जी, वानूछपरा, वेतिया

श्रीउमानाथमिश्र, कटिहार

श्रीउपेन्द्रनाथझा 'व्यास,' गया

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

सम्मेलन
क
विभागीय सभापति



प्रो० श्रीरमानाथझा
[आलोचनाविभाग]

कुमारश्रीगंगानन्दसिंह
[निवन्ध-विभाग]



प्रो० श्रीराधाकृष्णचौधरी
[इतिहास-विभाग]



कविवरश्रीसीतारामझा
[कविसम्मेलन-विभाग]

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

अध्यापन। प.—पत्नी–श्रीमती शान्तिदेवी, आ. इ. ए. धरि पढ़लि। प्र—मैथिली साहित्यक निबन्धावली। अ. र.--धम्मपदक मैथिली अनुवाद। मैथिली-लोकगीत, पत्नीक सङ्ग, (अंगरेजी ओ हिन्दीमे इतिहास—सम्बन्धी अनेकानेक ग्रन्थ)। व. प—अध्यक्ष, इतिहास ओ प्राचीन इतिहास विभाग, गणेशदत्त कालेज, बेगूसराय। स्था. प–मधेपुरा, जि० सहरसा।

कविसम्मेलन—-कविवरश्रीसीतारामझा

ज.—-चौगमा, विक्रम संवत १६४७, माघकृष्ण तृतीया बुध, शि.–मटिहानी, जनकपुर, दरभंगा आदि संस्कृत पाठशालामे, अध्ययन-संवत १६७२मे तीर्थ परीक्षा पास, मैथिली भाषामे धौतपरीक्षोतीर्ण व्य.–ज्यो. अध्यापक, राजकीय संस्कृत महाविद्यालय, बनारस शा. प्र.–ज्योतिष, एवं कविता, प्रथ.–मिथिला मोदमे (१६७२ विक्रम संवत) प्र.—अलंकार दर्पण, अम्बचरित महाकाव्य एवं अन्य अनेको ग्रन्थ व. प.–राजकीय संस्कृत कालेज, बनारस स्था. प.–चौगमा, पो० बहेड़ा, दरभङ्गा।

मंत्री—प्रोफेसरश्रीकृष्णकान्तमिश्र

उ.–भ्रमर, इन्द्र ज.–प्रयाग २५-१०-१६२८ ई० शि.–एम्. ए. (प्रयाग विश्वविद्यालय व्य.—अध्यापक, मिथिला कालेज, दरभङ्गा, प.—दू पुत्र, शा. प्र.—कथा, इतिहास, आलोचना, नाटक तथा अन्य अनेको अनुसन्धानात्मक लेख, लौ. प्र.—पुरातत्व अन्वेषण प्रथ.—मिथिलामिहिरमे १९४४-'अन्तिम अभिलाषा', प्र.—हमर दोसर विवाह, गल्पांजलि, मिथिलाक इतिहास, चयनिका, मैथिली साहित्यक इतिहास, इत्यादि व. प.—वैदेही समिति, लालबाग, दरभङ्गा स्था. प.–तीरभुक्ति, १ पलेनगंज रोड, प्रयाग-२।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain. Digitizagtion by eGangotri

वैदेही समिति, दरभंगा

विशिष्ट पोषक

महामहिम श्रीरंगनाथरामचन्द्रदिवाकर

देखू पृष्ठ १।

पंडित श्रीहरिनाथमिश्र

ज.—१ फरवरी १६१८ शि.—एम्. ए (कलकत्ता विश्वविद्यालय) प्रा. जी.—प्रस्तावित मिथिला विश्वविद्यालयक मंत्री, एम्. एल. ए. (१९४५-सँ), कोशी-योजनाक प्रस्तावक, सभापति, मिथिला कालेज, दरभङ्गा एवं अखिल भारतीय मैथिली साहित्य परिषद्, दरभङ्गा व्य.—मंत्री, स्वास्थ्य एवं आपूर्ति, बिहार सरकार, प्र.—The Koshi Problem, व. प.—२ स्ट्रैन्ड रोड, पटना स्था. प.—ग्रा० ओ पो० कोइलख, दरभङ्गा।

संरक्षक

आचार्यश्रीरामलोचनशरण

उ.—बिहारी ज.—१८६१ ई० प्रा. जी.—शिक्षक, जिला स्कूल, दरभंगा, पुस्तक-भंडारक स्थापना १६१६, 'बालक' सचित्र मासिक पत्रिकाक प्रकाशन १९२६, विद्यापति प्रेसक स्थापना १६२८, पुस्तक-भंडार क शाखा पटना मे १६३० शा. प्र.—इतिहास, गद्य, व्याकरण आदि, प्र.-व्याकरण चन्द्रिका, व्याकरण-चन्द्रोदय, मैथिलीक अनेक पोथी व. प.—पुस्तक-भंडार, पटना।

डाक्टरश्रीविमलचरणलॉ

शि.—एम्. ए., डी. लिट्. प्र.—भारतक प्राचीन संस्कृति एवं अनेक अन्य गम्भीर ग्रन्थक रचना, व. प.—४३, कैलाश बोस स्ट्रीट, कलकत्ता-६।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

बाबूश्रीचन्द्रधारीसिंह

ज.—१८९६ ई. शि.—मैट्रिक (मुजफ्फरपुर), दर्शन, ज्योतिष, सङ्गीत, व्याकरण, तन्त्र आदिक अध्यन, व्य.-अध्ययन, प०–दू पुत्र, शा. प्र.–गद्य, सङ्गीत, कविता, कोष, व्याकरण, ज्योतिष, न्याय आदि, लौ. प्र.–संग्रहालय, प्र.—मुक्तावलीक चन्द्रिका टीका, अमरकोष टीका, अ. र.—भगवद्गीतापर दार्शनिक विचार, स्था. प.—चन्द्रनगर ड्योढ़ी, पो. राँटी, मधुबनी, वाया दरभंगा।

आजीवन सदस्य

श्रीलक्ष्मणझा

स्था. प.–ग्रा.–पो. नारायणपट्टी, वाया राजनगर, दरभङ्गा।

श्रीसुशीलकुमारराय

ज.–१८८५ ई., शि.–बी. ए. (१९०३), एम्. ए. एवं कानून (१९०६), व्य.–वकालत, शा. प्र.–साहित्य, इतिहास, एवं मिथिलाक दर्शन-शास्त्र, लौ. प्र.–फुलवारी, स्था. प.–वीणाकुंज, पो. मधुबनी, दरभङ्गा।

बाबूश्रीजगदीशनन्दनसिंह

स्था. प.–मधुबनी ड्योढ़ी, मधुबनी, दरभङ्गा।

बाबूश्रीचन्द्रमोहनझा

ज.–बेतिया, फरवरी १८९८ ई० व्य.–(१) अवकाशप्राप्त राजकीय डी. आइ. जी., (२) मैनेजर, वेतिया राज, स्था. प.–बानू छपरा, पो० वेतिया, चम्पारण।

श्रीशिवशंकरझा

व्य.–वकालत, स्था. प.–पो. मधुबनी, दरभङ्गा।

श्रीजयनाथमिश्र

व. प.–मैनेजिंग डाइरेक्टर, श्रीअजन्ता प्रेस लि., नयाटोला पटना।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

चौधरोश्रीजितेन्द्रनारायणझा

स्था. प.–ग्रा. पो. बहेड़ी, वाया हायाघाट, दरभङ्गा।

श्रीउपेन्द्रनाथझा'व्यास'

उ.–व्यास। ज.–हरिपुर, बक्सी टोल (दरभंगा), कार्तिक कृष्ण त्रयोदशी सोम, १३२५ साल, (१७ जुलाइ, १९१७ ईसवी)। शि:—बी. एस् सी (इंजि०) आनर्स; ए. एम. आइ, ई। व्य.–राजकीय सेवा, अभियन्त्रण-विभाग। प.–पत्नी श्रीअमरावतीदेवी, तीन पुत्र, एक कन्या। प्रथ.–"विद्यापतिक मृत्यु" कविता (१९४० ई०)। प्र.–कुमार, उपन्यास। संन्यासी, काव्य। विडम्बना, गल्पसंग्रह। अ. र.–बाभनक बेटी, उपन्यास, अनुवाद। ('मिहिर' मे क्रमशः प्रकाशित)। विप्रदास, उपन्यास, अनुवाद। किछु गल्प ओ कविता पत्र-पत्रिकादि मे मुद्रित। व. प.–कार्यपालक अभियन्ता, लोक-स्वास्थ्य-प्रमन्डल, गया। स्था. प.–ग्राम हरिपुर, बक्सी टोल, पो० कलुआही, जिला० दरभंगा।

ज्यो. श्रीविष्णुकान्तझा

व्य.–प्रसिद्ध ज्योतिषी, स्था. प.–चौहट्टा, पटना

श्रीउमानाथमिश्र

स्था. प.—कटिहार, पूर्णियाँ।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

सम्मेलन
क
विभागीय सभापति



प्रो० श्रीहरिमोहनझा [कथा-विभाग]

श्रीवैद्यनाथमिश्र
[कविता विभाग]

डा० श्रीजयकान्तमिश्र
[नाटक-विभाग]

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

लेखकगण

पं० श्रीऋद्धिनाथझा, शारदापुर



पं० श्रीत्रिलोकनाथमिश्र, दरभंगा



पं० श्रीशशिनाथझा, रांटी

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

वैदेही समिति, दरभंगाक पदाधिकारी

अध्यक्ष

म. म. डा. श्रीउमेशमिश्र

देखू पृ० २ ।

उपाध्यक्ष

प्रोफेसरश्रीसुरेन्द्रझा 'सुमन'

उ.—द्विरेफ, सुमन, ज.—१६१० ई., शि.-आचार्य, व्य.--अध्यापक, मिथिला कालेज, दरभंगा, शा. प्र.-गद्य, पद्य, कविता, आलोचना, आदि लौ. प्र.—संगीत, प्र.—स्वदेश, कथामुखी, प्रतिपदा, सावन-भादव, अर्चना, व. प.-स्वदेश कार्यालय, कटहलबाड़ी, दरभंगा, स्था. प.-ग्रा. पो. वल्लीपुर वाया मुक्तापुर, दरभंगा ।

कोषाध्यक्ष

श्रीशशिनाथझा

शि.--बी. ए. बी. एल्., स्था. प.—ग्रा. घमियापट्टी, पो० देवधा, वाया जयनगर, दरभङ्गा ।

मंत्री

प्रोफेसरश्रीकृष्णकान्तमिश्र

देखू पृष्ट ५ ।

सदस्य

डा० श्रीअमूल्यधनचटर्जी

स्था. प.—लालबाग, दरभङ्गा ।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain. Digitized by eGangotri

प्रोफेसरश्रीसुरेन्द्रनाथझा

स्था. प.—प्राध्यापक, मिथिला कालेज, दरभंगा ।

श्रीरामकृष्णझा 'किसुन'

उ.–'किसुन', ज.—सुपौल, शि.—व्याकरण-शास्त्री, काव्यतीर्थ, साहित्य-रत्न, व्य.—अध्यापन, प.—पत्नी ओ तीन सन्तान, शा. प्र.–साहित्य अध्ययन, लौ. प्र.—साहित्यिक, विशेषतः मैथिलीक, संस्था सभमे अनुराग, प्रथ.–"शिशुऍं" (कविता) ३-४-१९४३ ई०, अ. र.-श्रद्धाञ्जलि (एकाङ्की-संग्रह), किछु कथा ओ कविता, स्था. प.—सुपौल जि० सहरसा।

प्रोफेसरश्रीभक्तिनाथसिंहठाकुर

उ.—सिंहठाकुर, ज.–भौर (राजग्राम) २-१०-१९२५ ई०, शि.–एम्. ए. (पटना विश्वविद्यालय), व्य.–अध्यापक, मिथिला कालेज, दरभंगा, प.–दू पुत्र एवं दू कन्या, शा. प्र.—कथा, कविता, आलोचना, गद्य, प्रथ.–अमर शान्ति (१९४३), स्था. प.-ग्रा० पो० भौर, वाया लोहट, दरभंगा ।

डाक्टरश्रीब्रजकिशोरवर्मा

शा. प्र.—कथा, कविता, नाटक, आलोचना, निबन्ध, इतिहास,आदि, लौ. प्र.—लोक-गीतक संकलन, यात्रा आदि, प्र.–त्रिधारा, अनेक स्फुट रचना, व. प.— ग्रा० - पो० वहेड़ा, दरभंगा ।

श्रीचन्द्रनाथमिश्र 'अमर'

उ.—अमर, ज.—खोजपुर, ज्येष्ठ कृष्ण पड़ीव, १३३१ साल, शि.- व्याकरणाचार्य, व्य.—साहित्य-सर्जन, अध्यापन, पत्रकारिता, प.—पत्नी ओ दुइ कन्या, शा. प्र.—भाषा-विज्ञान, कविता, उपन्यास आदि, लौ. प्र.-व्यङ्ग्य - विनोद, प्रथ. - चश्मा (१९४० ई०), प्र. - गुदगुदी (कविता) १९४६, त्रिफला (कथा, प्रहसनादि) १९५०, वीर कन्या (उपन्यास) १९५१, युगचक्र (कविता) १९५३, समाधान (प्रहसन) १९५५, मुहावरा ओ लोकोक्ति १९५४, सम्पा. — पंचायती राज (साप्ताहिक),

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

निर्माण (साप्ताहिक), वैदेही (मासिक ओ पाक्षिक), स्वदेश (दैनिक), अ. र.—विदागरी (उपन्यास); बारह मास (कविता); चुटकी (गल्प); कैलासमे टी-पार्टी आदि प्रहसन; सफलता (नाटक); किछु निबन्ध, व. प.- महारानी लक्ष्मीवती अकादमी, लहेरियासराए, स्था. प.—ग्राम खोजपुर, डा० जटई, जि.—दरभंगा ।

श्रीसुधांशु'शेखर'चौधरी

शा. प्र.-कथा, कविता, नाटक आदि, प्र.-जयमाला, निकम्मा, तमाशा आदि, अनेक स्फुट रचना, स्था. प.-मिसरटोला, दरभंगा ।

लेखकगण

अनन्तविहारीलालदास

उ.-'इन्दु' ज.-करमौली, श्रावण शुक्ल द्वितीया बुध, १९८५ वि०, शि.-मैट्रिक (१९४५), हिन्दी-साहित्यहि-भूषण (१९४६), व्य.-लेखनकला, आकाशवाणी मे मैथिली-कार्यक्रम-प्रसारण, प.—पत्नी श्रीविन्ध्येश्वरी देवी; पुत्र-श्रीउदयचन्द्र, श्रीपूर्णचन्द्र ओ श्रीप्रेमचन्द्र, शा. प्र.-कविता, गीत, नाटक, लौ. प्र.-खेती, फुल लगाएब, प्रथ.-जागरणगान कविता (१९५५), अ. र.-आठगोट एकांकी, सभ आकाशवाणीसँ प्रसारित, कविताक संग्रह, व. प.-आकाशवाणी, पटना, स्था. प.--निशीथिनी करमौली, डा० कंसी सिमरी (दरभंगा) ।

अमर—देखू चन्द्रनाथमिश्र पृ० १० ।

अमरनाथ

उ.—दीपक, अष्टावक्र, ज.—नेहरा (दरभंगा) १९२९ ई०, शि.—स्कूलमे अंग्रेजीक शिक्षा, व्य.—पहिने जमिन्दारी आब खेती, प्र.-छोटकी काकी आदि अनेक स्फुट गल्प, स्था. प.-गाम पो० नेहरा (दरभंगा) ।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain. Digitizagtion by eGangotri

अमरनाथझा

व्य.–अध्यापन (अध्यापक) व. प.–प्रोफेसर, मैथिली विभाग, चन्द्रधारी मिथिला कालेज, दरभंगा, स्था. प.–नवटोल, पो० सरिसवपाही (दरभंगा)।

अमरनाथठाकुर

व्य.—अध्यापन (प्राध्यापक), व. प.—प्रोफेसर, अंग्रेजी-विभाग, लंगट सिंह कालेज, मुजफ्फरपुर।

अमरेशपाठक

शि.—मैथिलीमे एम्. ए. स्था. प.–सामरि, पो० महिसओथा, मुजफ्फरपुर।

अमृतधारीसिंह

व्य. एवं व. प.–प्रोफेसर, पटना विश्वविद्यालय, पटना।

आद्याचरणझा

ज.—मँगरौनी, आषाढ़ कृष्ण एकादशी, १९२०, शि.–व्याकरणाचार्य, साहित्याचार्य, विशारद, मैट्रिक (अँगरेजी), बी. ए. (केवल हिन्दी), व्य.–अध्यापन, प.–पत्नी, तीन बालक, चारि कन्या, शा. प्र.–निबन्ध-लेख, प्रथ.–"बसू झट आबि मिथिलामे" शीर्षक कविता, मिहिर १९३७ ई. अ. र.–निबन्ध-संग्रह व. प.– हेडमास्टर, राजकीय संस्कृत हाइ स्कूल, छपरा, स्था. प.— ग्राम - पो० मँगरौनी (दरभंगा)।

आनंद—देखू 'परमानंदझा'।

आनंदझा

ज.—सिंहवाड़ (दरभङ्गा), शि.—न्यायाचार्य आदि, व्य.—अध्यापन (एखन प्राध्यापक), प.–पत्नी श्रीपद्मादेवी, पुत्र मृत्युञ्जय ओ धनञ्जय, पुत्री अरुन्धती, वसुन्धरा, ऋतम्भरा, शा. प्र.–दर्शन, काव्य, नाटक, उपन्यास, प्रथ.—सीतास्वयंवर, नाटक, १९३० ई., प्र.–सीतास्वयंवर-नाटक, प्रबोधचन्द्रोदय नाटक, रसनिर्झरणी कविता, अ. र.–महाकवि विद्यापति (नाटक), एकादशी विद्यापतिक (व्याख्या), स्वर्णमन्दिर (उपन्यास),

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

संरक्षक



बाबूश्रीचन्द्रधारीसिंह, चन्द्रनगर ड्योढ़ी, रांची

विशिष्ट पोषक



पं० श्रीहरिनाथमिश्र, मंत्री, स्वास्थ्य एवं आपूर्त्ति विभाग, बिहार सरकार, पटना

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

वैदेही समिति, दरभङ्गा
क
संरक्षक



आचार्यश्रीरामलोचनशरण, पटना

आजीवन सदस्य

रायबहादुर श्रीसुशीलकुमारराय, ऐडवोकेट, मधुबनी



चौधरीश्रीजितेन्द्रनारायणझा, बहेड़ी

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

किछु निबन्ध, व. प.-प्राच्य-विभाग, लखनउ विश्व-विद्यालय, लखनउ, स्था. प.—ग्राम ओ डा० सिंहवाड़, जि० दरभङ्गा।

आरसीप्रसादसिंह

उ.-'आरसी', ज.-एरौत (जि० दरभंगा) १६ अगस्त १६११ ई., शि.-आइ. ए. द्वितीय वर्ष धरि, व्य.-साहित्य-सर्जना ओ प्रकाशन, शा. प्र.-कविता, गल्प, उपन्यास, प्रथ.—शेफालिका (कविता) १६३६ ई., अ. र.—कविता-संग्रह, व. प.—तारामंडल, राजेन्द्रपथ, पटना, स्था. प.-ग्राम एरौत, जि० दरभंगा।

'इंदु'—देखू (१) अनंतबिहारीलालदास (२) इंद्रानंदसिंह

इंद्रपतिसिंह

उ.—'श्यामानन्द', ज.—दरभंगा, २६-१२-१६१५ ई., शि.—घरहिपर संस्कृत ओ अंगरेजीक, तन्त्रशास्त्रक विशेष अध्ययन, व्य.-पहिने जमींदारी ओ आब खेती, प.—प्रथम पत्नी श्रीइन्द्रलतादेवी ओ द्वितीय पत्नी श्रीइन्द्रेश्वरीदेवी, पाँच पुत्र ओ दुइ पुत्री, शा. प्र.—तन्त्रशास्त्रक अध्ययन, वै. प्र.—तान्त्रिक अनुष्ठान, अ. र.—मिथिलाक संस्कृति, उपदेश-मुक्तावलि, चण्डी-चरितत्रय-रहस्य, स्था. प.-ग्राम पचही, डा० मधेपुर, जि० दरभंगा।

इंद्रानंदसिंह

उ.—इन्दु, ज.-सुलतानगंज, ३-७-१६३१ ई., शि.—एम. एस-सी., व्य.-कओलेजमे अध्यापन, प.-पत्नी ओ एक पुत्र, शा. प्र.-कविता, उपन्यास, लौ. प्र.—राजनीति, प्रथ.—'गीत मधुर हम गाबि रहल छी' (१६४७), अ. र.—पद्यसंग्रह, पिहानी-संग्रह, व. प.—प्राध्यापक, टी. एन. जे. कालेज, भागलपुर, स्था. प.-कृष्णगढ़, सुलतानगंज, भागलपुर।

उग्रानन्दसिंहझा

उ.—'गङ्गेश', ज.—चनौर (दरभंगा) १४ जुलाइ, १६३६ ई., शि.-आइ. ए., व्य.-स्नातक कक्षाक छात्र, प.-पत्नी ओ एक कन्या, शा. प्र.-

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain. Digitization by eGangotri

गल्प-रचना, प्रथ.—'पहन नहि देखल' (१४ जुलाइ, १९५१), अ. र.-राधेश्याम (उपन्यास), स्था. प.—चनौर, जि० दरभंगा।

उपेन्द्रठाकुर

ज.—माऊँ वेहट (दरभंगा) १९२६ ई. शि.—एम. ए.; डी. फ़िल्. (कल.) (इतिहास मे), व्य.-गवेषणा (मिथिला-विद्यापीठ मे), प.—पत्नी ओ एक वालक, शा. प्र.—कविता, इतिहास, प्रथ—उद्बोधन (कविता), प्र.-मिथिलाक इतिहास (अंगरेजी मे) अ. र.—किछु कविता ओ निबन्ध, स्था. प.—ग्राम, डा० माऊँ वेहट, जि० दरभंगा।

उपेन्द्रनाथझा

देखू पृष्ठ ८।

उमाकांतठाकुर

ज.—पसपूरा, ३-६-१९३० ई., शि—एम्. ए., पी-एच. डी. क रिसर्च स्कालर, व्य.-अध्ययन, गवेषणा, प.-पत्नी श्रीमती पार्वतीदेवी, व. प.-गवेषक, मिथिला-संस्कृत-विद्यापीठ, दरभंगा, स्था. प.—ग्राम पसपूरा, डा० बेगूसराए, जि० मुंगेर।

उमानाथझा

ज.-खड़रख (१-१-१९२३) ई., शि.-एम. ए. अँगरेजी साहित्य मे, व्य.-कओलेजमे अध्यापन, शा. प्र.—मनोवैज्ञानिक यथार्थवादक प्रभाव, स्थूल रूपें प्रयोगात्मकताक समर्थक, नवीनतम शैलीक गल्प-लेखक, लौ. प्र.-भ्रमणमे अनुरक्ति, सांस्कृतिक कार्य सभमे अभिरुचि, प्रथ.—प्रथम गल्प "मैथिली साहित्य-पत्र" क प्रस्तावित संग्रहक हेतु १९३८ ई० में (नष्ट), प्र.—रेखाचित्र, नवीन मैथिली-साहित्य (१९४४) क सम्पादन, अ. र.-कारेल चापेकक चेक नाटकक अनुवाद, व. प. — लंगट सिंह कालेज, मुजफ्फरपुर, स्था. प.-ग्राम महरैल, डा० झंझारपुर, जि० दरभंगा।

उमानाथमिश्र

देखू पृष्ठ - ८।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

उमानाथमिश्र

शि० – एम्. ए. स्था. प. – सतलखा, पो० हुसैनपुर, दरभंगा ।

उमेशमिश्र, म. म., डा०

देखू पृष्ठ – २ ।

उमेशमिश्र, एम. ए.

शि.–एम्. ए. (मैथिली), व. प.–द्वारा पं० श्रीबलदेव मिश्र, काशी प्रसाद जयसवाल इन्सटीच्यूट, पटना ।

ऋद्धिनाथझा

शारदापुर, भाद्र शुक्ल पञ्चमी बुध, १२६८ साल, शि.–आचार्य, धौत-परीक्षोत्तीर्ण, व्य.–अध्यापन, प.–पत्नी श्रीउग्रेश्वरी देवी; पुत्र श्रीशचीनाथ झा ; पुत्री श्रीमातङ्गी देवी ; पौत्र श्रीदुर्गानाथ झा ; शा. प्र.–अलङ्कार, काव्य, गीत, प्रथ.–लक्ष्मीवती गीताञ्जलि, प्र.–तिरहुति आदिक संग्रह, विश्वभूषण, अलङ्कार-शास्त्र, विश्वेश्वर-चम्पू काव्य, मिथिला बाल-विनोद बाल-साहित्य, अ. र – सती-विभूति, शब्दशक्तितरङ्गिणी, व. प.–प्रधानाध्यापक, महारानी रमेश्वरलता - विद्यालय, लोहना, डा० लोहना रोड, जि० दरभंगा, स्था. प – ग्राम शारदापुर, डा० मनीगाछी, जि० दरभंगा ।

कलेश—देखू काशीनाथठाकुर

कल्पना शरण

देखू श्रीमतीलीलीरे ।

काञ्चीनाथझा

उ.—किरण, व्य. अध्यापन, शा. प्र. कविता, आलोचना, कथा, नाटक आदि प्र. जय जन्म-भूमि, वीर प्रसून, चन्द्र ग्रहण आदि व. प.—अध्यापक, लक्ष्मीश्वर एकेडमी, पो० सरिसव पाही, दरभंगा स्था. प.– गा० धर्मपुर, पो०–लोहनारोड, दरभंगा ।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitization by eGangotri

काशीकांतमिश्र

उ.– मधुप, ज. - आश्विनी पूर्णिमा १३१४ साल शि.– व्याकरण साहित्याचार्य, वेदान्त शास्त्री, व्य. - अध्यापन शा. प.– कविता प्र. – त्रिवेणी, शतदल, झंकार, टटका जिलेबी, कोवरगीत, अपूर्व रसगुल्ला, तृप्ति पिपासा व. प. — अध्यापक, जयानन्द हाइ स्कूल, वहेड़ा पो०, दरभंगा ।

काशीनाथठाकुर

उ. — कलेश व. प.—स्वदेश कार्यालय, कटहलबाड़ी, दरभंगा ।

किसुन—देखू रामकृष्णझा, वैदेही समितिक पदाधिकारी ।

कीर्त्यानन्दकुमर

प्र.—नाटक, व. प.—मेडिकल ऑफिसर, राजकीय चिकित्सालय, सरिसव, दरभंगा ।

कुलानन्द

उ.—'नन्दन' , शा. प्र.– गद्य, कथा, सम्पादन, व. प.– सम्पादकीय-विभाग, आर्यावर्त्त, पटना ।

कुलानन्दझा

शि.—एम्. ए., शा. प्र.—कथा, नाटक आदि, व. प.—सोशल एजुकेशन ऑरगेनाइजर, महेशमुंडा, हजारीबाग ।

कुलानन्दमिश्र

ज.—अग्रहण शुक्ल प्रतिपदा १३२० साल, शि.—व्या. आचार्य, (१९३६), मीमांसाचार्य (१९४०), व्य. – अध्यापन, प. – एक पुत्र तीन कन्या, शा. प्र. - कथा, आलोचना, लेख, गद्य, लौ. प्र. – नाटक, संगीत, प्रथ. – माधवी, प्र.– पनिभरनी, व. प.—वेसिक ट्रेनिंग स्कूल, नगरपारा पो० नारायणपुर, भागलपुर, स्था. प. – गा. पो. गजहरा, द्वारा खुटौना, दरभंगा ।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

पं० श्रीबद्रीनाथझा, सरिसव

राजपं० श्रीवलदेवमिश्र, दरभंगा



ज्यो० पं०श्रीवलदेवमिश्र, पटना

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri



श्रीशिवानन्दचौधरी, रूपसपुर

श्रीइन्द्रपतिसिंह, पचही ड्योढ़ी

श्रीबच्चाठाकुर, बी०ए० रुचौल



प्रो० श्रीउमानाथझा, मुजफ्फरपुर



पं० श्रीआनन्दझा, लखनउ

पं०श्रीजीवनाथझा, जनकपुरधाम

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

कृष्णकुमारठाकुर

शि. – एम्. ए., व. प. – ५ औफ पोलो रोड, पटना।

क्षेमधारीसिंह

उ. – श्रीकरसाहेब, शि.—बी. ए., वेदान्त-विनोद, विद्याभूषण, व्य – पहिने जमिन्दारी, आब विश्राम, भूतपूर्व आनरेरी मैजिस्ट्रेट, प.—पत्नी श्रीमती राधादेवी, पुत्र श्रीबुद्धिधारीसिंह 'रमाकर' ओ श्रीजयधारीसिंह 'प्रभाकर', ओ पुत्री श्रीश्यामादेवी, शा. प्र.— आध्यात्मिक ओ दार्शनिक चिन्तन, प्र. – सांख्य-खद्योतिका, अ. र. – निबन्ध-चन्द्रिका, मनोविज्ञान, नीतिशास्त्र (Ethics), परातत्त्व (Metphysics), भारतीय दर्शन चयनिका, स्था. प.—मधुवनी डेओढ़ी, जि० दरभंगा।

गंगाधरमिश्र

उ.—जीवू, शि. – व्याकरणाचार्य, साहित्याचार्य, स्था. प.—साहित्य मन्दिर, लालबाग, दरभंगा।

गंगानन्दसिंह, कुमार

देखू पृष्ठ – ४।

गंगापतिसिंह

ज. – पचही १८६४ ई० शि. – बी. ए. व्य. – अवकाश - प्राप्त मैथिली अध्यापक, कलकत्ता विश्वविद्यालय, शा. प्र. – बाल-रचना, समाजिक लेख, उपन्यास, कथा, लौ. प्र. – संगीत प्र. – मैथिली-बाल-व्याकरण, जयचन्द्र-पराजय, स्था. प. – द्वारा प्रो० श्रीविद्यापतिसिंह, चन्द्रधारी मिथिला कालेज, दरभंगा।

गंगेश—देखू उग्रानन्दसिंहझा

गिरिधरझा

उ. – 'विकल' विशारद, ज. – मँगरौनी २२ अप्रैल, १९१२ ई० शि. – मैट्रिक, विशारद (प्रयागक), प. – स्त्री, एक पुत्री ओ एक बालक,

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitization by eGangotri

शा. प्र. – गल्प ; उपन्यास ; निबन्ध, प्रथ. – चमत्कार (कथा), अ. र. – किछु उपन्यास, गल्प ओ निबन्ध, स्था. प. – ग्राम पो० मँगरौनी, वाया मधुबनी , जि० दरभंगा ।

गोविन्दचौधरी

ज. — पिडारुछ, १७ मइ, १६०६ ई० , शि. – बी. एल. , व्य. –ओकालति , शा. प्र. —कविता, कथा, नाटक , लौ. प्र.— खेल - कूद , आखेट , प्रथ.— 'चुमाओन' १६३४ (मिथिलामोद) ; व. प. – बंगाली टोला , लहेरियासराय ।

गोविन्दझा

उ. प्रवासी (बड़ थोड़ रचनामे), ज.—इसहपुर, १० अक्टूबर, १६२३, शि. — व्याकरणाचार्य, साहित्याचार्य, अँगरेजीमे इंटरमीडिएट, मैथिली - साहित्य - रत्न , व्य. – राजकीय सेवा, अनुवादकार्य , प. – पत्नी श्रीसीतादेवी, पुत्री श्रीशीतलादेवी ओ श्रीअम्बिका देवी , शा. प्र. — भाषा - शास्त्रक अध्ययन ओ लेख , कहिओ - कहिओ गल्प, कविता ओ निबन्ध लिखब , प्रथ. – 'नीक कहाएब' समस्याक पूर्त्ति , (१९४०) ई० मे मैथिल महासभाक अवसरपर , प्र. – मालविकाग्निमित्र नाटकक अनुवाद (१६४०), अ. र. — मैथिली छन्दःशास्त्र (१६४३ - ४५), वीराङ्गना अनुवाद (१६४४), चित्राङ्गदा अनुवाद (१६४४), स्वप्नवासवदत्त अनुवाद (१६४६) , विस्व कविता-संग्रह (१६४२ - ४५), गल्प पत्र - पत्रिकामे प्रकाशित (१६५० - ५५), व. प. — अनुवाद – सहायक, अनुवाद - विभाग, सचिवालय, पटना, स्था. प. — गाम इसहपुर , डा० सरिसओ - पाही , जि० दरभंगा ।

गौरीशंकरप्रसाद

उ. - सोमदेव , ज. - नेओड़ी (दरभंगा), फाल्गुन शुक्ल एकादशी , १६३४ ई० , शि. - बी. ए., एम. बी. (होमियोपैथ) , व्य. - खेती , प. - माए , एक बालक , पत्नी श्रीमती कनकलताश्रीवास्तव , शा. प्र. - लोक -

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain, Digitizagtion by eGangotri

साहित्य - रचना, लौ. प्र. - अभिनय, भ्रमण, लोकजीवनक अध्ययन, प्रथ. - 'पराती', १० अप्रैल १९५१, प्र. - लाल - एशिया (हिन्दी), अ. र. - गीत - गंगा (कविता, हिन्दी), चांदी की चूनर (कविता, हिन्दी), भोर के पहले (नाटक, हिन्दी), धूपका चेहरा (कथा, हिन्दी), नमकीन गोश्त (उपन्यास, हिन्दी), वि. – हिनक पितृभाषा ओ पत्नीक मातृभाषा भोजपुरी थिक, किन्तु अपन मातृभाषा मैथिली।

चन्द्रकुमारझा

ज. – सप्ता (दरभंगा) २ जनवरी, १९३० ई०, शि. – मैथिलीमे एम. ए. (पटना), व्य. – अध्ययन, शा. प्र. – निबन्ध, आलोचना, कविता, प्रथ. – 'मैथिली - लोकगीत' निबन्ध, १९५२ ई० 'मिहिर' मे प्रकाशित, अ. र. – मैथिली लोकसाहित्यक इतिहास, किछु निबन्ध ओ कविता, स्था. प. – गाम सप्ता (मधुबनी), दरभंगा।

चन्द्रनाथमिश्र, देखू पृष्ठ - १०।

चिरंजीलालझा

उ. - अन्ट - शन्ट, ज. - ८ दिसम्बर, १९१४ शि. - एम. ए. (हिन्दी १९५०), एम. ए. (अंगरेजी १९५६) एम. ए. आर. डी. एस. (लन्दन), व्य. - अध्यापन प. - तीन पुत्री एवं चारि पुत्र, शा. प्र.–कविता, चित्रकला, गद्य, लौ. प्र. - संगीत एवं चित्रकला, प्र.–चित्रकला के छः अंग, प्रयास के पंख, अ. र. - चित्रकला–मीमांसा, विश्वकी चित्रकला, व. प.— १०२, नयागंज, गाजियाबाद।

छेदीझा

उ. - द्विजवर, शा. प्र. - कविता, प्र. - छेदी-सतसई, स्था. प. – गाम–पो० बनगाम महिसी, सहर्षा।

जयकान्तझाबक्शी

शा. प्र.—सम्पादन, गद्य, इतिहास, पाठ्य–ग्रन्थावली आदि, स्था. प.— गा. हरिपुर (टोल बक्शी), पो० कलुआही, दरभंगा।

Dr. Urmila Sharma Collection, Varanasi

CC0. In Public Domain. Digitization by eGangotri

जयकान्तमिश्र, डा०

देखू—पृष्ठ ४ ।

जयदेवमिश्र

शि.—एम्. ए. (कलकत्ता विश्वविद्यालय) व्य.—अध्यापन, शा. प्र.—आलोचना, इतिहास, लौ. प्र.—संगीत, व. प.—२, स्ट्रैन्ड रोड, पटना, स्था. प.—गा. पो. कोइलख, दरभंगा ।

जयधारीसिंह

उ.—'प्रभाकर', ज.—मधुबनी, १६-६-१९२८ ई., शि.—गणितमे एम्. ए., मैथिलीमे एम्. ए., व्य.—अध्यापन, प.—पत्नी श्रीजयवतीदेवी; पुत्रीश्री विधुकलाकुमारी, शा. प्र.—समीक्षा, कविता, प्रथ.—'चोंचा' शीर्षक कविता, १९४६ ई., प्र.—अमर बापू, अ. र.—किछु आलोचनात्मक निबन्ध, प्रलाप, (कविता-संग्रह) ।

जयमंतमिश्र

